

KETAATAN ABSOLUT
KELUARGA IBRAHIM ‘ALAIHISSALAM

Oleh: Marsudi Iman

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : يَا
أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ
الْحَمْدُ.

Jama'ah shalat Id rahimakumullah,

Minongko khotib, keparenga kula wasiat dhateng pribadi kula piyambak nyumrambahi kagem para jamaah, kinen tansah ngrembakaaken keimanan dalah ketaqwaan kita dhumateng Allah SWT. Jer, namung kanthi iman lan taqwa, kita saget nggayuh panggesangan ingkang mulya wonten donya menopo dene akhirat.

Jama'ah shalat Id rahimakumullah,

Ibadah-ibadah wonten wulan Dzulhijah kados dene haji, shaum Arafah soho korban mboten saget pun pisahaken kaliyan sejarah keluarga Nabiyullah Ibrahim AS. Menawi kita *tadabburi*, saestu kita saget methik hikmah-hikmahipun.

Salah setunggal piwucal penting inggih menika ngengingi hakekat ajaran Islam ingkang kawastanan *al-istislaam lillah*. Ukara menika ngemu suraos pasrah sumarah mutlak dhumateng Gusti Allah. Keluarga Ibrahim AS sampun paring tulodho ngengingi kepasrahan dhumateng Allah SWT. Rikolo Nabi Ibrahim pun printah supados mragat putranipun, nenggih Ismail, Ibrahim kanthi lego lilo nindaaken printah kasebat. Mekaten ugi Ismail, nampi dhawuh Gusti Allah menika kanthi jembar dhodho, tawakal dhumateng Allah SWT. Ash-Shafat ayat 103 mratelaaken kisah menika.

Allahu akbar 2x wa lillaahi al hamdu. Jamaah rahimakumullah.

Pasrah sumarah, tundhuk dalah sumadyo ikhlas nampi dhawuhipun Allah SWT ugi dipun tindakaken Ibu Hajar, garwanipun Nabi Ibrahim. Hadits riwayat Bukhori ngandharaken bilih Ibrahim AS mapanaken Hajar lan bayinipun, nenggih Ismail, wonten lembah Bakkah ingkang tandhus, benter ngenthang-ngenthang tanpa toya. Ibrahim nilar garwa putra mekaten, namun pun tilari sangu sekedhik kurma lan sawatawis toya. Piyambakipun cengkelak wangsung tumuju Palestina. Cingak mangertosi kahanan kados mekaten, Hajar nyuwun pirso:

يَا إِبْرَاهِيمُ، أَيْنَ تَذْهَبُ وَتَتْرُكُنَا بِهَذَا الْوَادِي، الَّذِي لَيْسَ فِيهِ إِنْسٌ وَلَا شَيْءٌ؟

“Wahai Ibrahim, panjenengan badhe tindak pundi ? Menapa panjenengan tega nilar kula lan Ismail wonten papan menika, kamongko wonten mriki mboten wonten tiyang lan mboten wonten menopo-menopo?”

Makaping-kaping Hajar nyuwun pirso. Ibrahim mbegegek mendel mawon tanpa njawab lan noleh dhateng Hajar. Ibrahim khawatir manahipun luluh lan gempil mergi mboten tega nilar kekalihipun, nenggih garwo putra ingkang tuhu pun trisnani. Pepuntonipun, Hajar nyuwun ketegasan dhateng Ibrahim kanthi ngendiko:

اللَّهُ الَّذِي أَمَرَكَ بِهَذَا

“Menapa Gusti Allah ingkang paring dhawuh panjenengan supados nilar kula lan Ibrahim ?”

Midhanget pitakenan menika, Ibrahim njawab cekak, “*Iyo.*” Dupi midhanget jawaban mekaten, linambaran raos taat lan tawakal dhumateng Allah SWT, Hajar caos atur ingkang saget nentremaken penggalih garwanipun :

“Menawi mekaten, Allah mboten badhe nyengsaraaken kula lan Ismail” (HR. Bukhari)

Hajar nyaketi bayinipun. Wondene Ibrahim jumangkah nilar lan nebihi garwa putranipun. Dumugi wonten panggenan ingkang inggil, Ibrahim madhep dhateng papan ingkang sakmangke dados Masjidil Haram kanthi ngangkat asto kalih nyuwun dhumateng Gusti Allah:

رَبَّنَا إِنِّي أَسْكَنْتُ مِنْ دُرِّيِّ بَوَادٍ غَيْرِ ذِي زَرْعٍ عِنْدَ بَيْتِكَ الْمُحَرَّمِ رَبَّنَا لِيُقِيمُوا الصَّلَاةَ فَاجْعَلْ أَفْعِدَةً مِنَ النَّاسِ تَهْوِي إِلَيْهِمْ وَارزُقْهُمْ مِنَ الثَّمَرَاتِ لَعَلَّهُمْ يَشْكُرُونَ

“Dhuh Pangeran kula, saestu kawula sampun mapanaken keluarga kawula wonten lembah tanpa tetanduran sak celak dalem Paduka (Baitullah) ingkang kinormatan. Dhuh Pangeran kula, kawula nglampahi perkawis menika supados keluarga kula njenjegaken sholat. Pramila mugi Paduka dadosaken manah sakperangan tiyang condong dhumateng keluarga kula soho Paduka paringi kanugrahan rizki arupi woh-wohan. Mugi-mugi keluarga kawula tansah nglairaken raos syukur” (QS. Ibrahim: 37)

Allahu Akbar 2x. Jamaah rahimakumullah.

Salajengipun hadits ngandharaken kawontenan bayi Ismail ingkang ngelak lan luwe:

وَجَعَلْتُ أُمَّ إِسْمَاعِيلَ تُرْضِعُ إِسْمَاعِيلَ وَتَشْرَبُ مِنْ ذَلِكَ الْمَاءِ، حَتَّى إِذَا نَفِدَ مَا فِي السِّقَاءِ عَطِشْتُ وَعَطِشَ ابْنُهَا

“Nuli Ibune Ismail nyusoni bayine. Dheweke ngombe banyu bekale. Nalika banyu kang mung sithik kui entek, Hajar dadi kengelaken. Tundhohone, bayine ugo kengelaken.”

Toya susu ibu mboten medal malih keranten mboten wonten asupan pangan lan omben ingkang mlebet wonten padharanipun Hajar.

وَجَعَلْتُ تَنْظُرُ إِلَيْهِ يَتَلَوَّى، أَوْ قَالَ يَتَلَبَّطُ، فَاِنْطَلَمْتُ كَرَاهِيَةً أَنْ تَنْظُرَ إِلَيْهِ

“Hajar nyawang bayine kang ngoser-ngoser ing wedhi. Nafase menggeh-menggeh lan seseg koyo arep nemahi ajal. Jenggerat Hajar ngadek, ngedohi bayi merga ora kuat ndeleng kahanan bayine kang nggrantes iku”.

Hajar lajeng minggah tumuju bukit Shafa. Piyambakipun ndeleng lembah Bakkah, ing pangajab saget pinanggih tiyang. Kanyoto mboten wonten sinten-sinten. Hajar lajeng medhak. Kanthi ngangkat pucuk kain gamisipun ingkang klangsrak siti, piyambakipun mlajar-mlajar tumuju bukit Marwa. Saking bukit Marwa Hajar ugi mboten semerep wonten tiyang ingkang saget pun suwuni tulung. Pramila, Hajar lajeng mlajar malih wangsul tumuju Shofa. Mekaten meniko pun lampahi bongsal-bangsul kaping pitu.

Jamaah rahimakumullah.

Rikolo wonten bukit Marwa, dumadakan kapireng suwanten tiyang. Hajar lajeng ngendiko:

قَدْ أَسْمَعْتَ إِنْ كَانَ عِنْدَكَ غَوَاثٌ

“Panjenengan sampun ngendika (tanpa rupa). Mugi kerso ngatonaken raga. Menawi saget bantulah kula”

Kanyoto, suwanten meniko saking malaikat Jibril. Jibril ingkang membo-membo kados menungso jumeneng wonten sak nginggil siti ingkang sakmangke dados panggenan sumur Zam-Zam. Jibril tumuli ngorek wedhi ngagem asto lan sukunipun, satemah medal toya saking papan meniko. Hajar lajeng mbendung pancaran toya meniko mawi asto tuwin ngesokaken toya wonten kanthong kulitipun. Piyambakipun ngunjuk toya saktamah saget paring toya susu kagem Ismail.

Allahu akbar 2x wa lillaahi al hamdu. Jamaah Shalat rahimakumullah.

Saksampunipun Hajar ngedalaken reko doyo, ngupiya pados sumber panggesangan, Gusti Allah lajeng paring kanugrahan pitulungan. Kasinggihan, pitulungan saking langit badhe tumurun kagem tiyang ingkang iman, ingkang ikhtiar maksimal dalah tawakal dhumateng Gusti Allah. Mekaten, agengipun keimanan soho ketundukan Hajar dhumateng Gusti Allah. Hajar sampun paring piwucal soho suri tauladhan dhumateng kita sedaya ngengingi iman, tundhuk, nampi dalah nindaaken dhawuh-dhawuhipun Allah SWT kanthi lega lilaning penggalih. Hajar sampun paring piwucal babakan hakekat dinul Islam, arupi ketundukan lan kepasrahan total kawula dhumateng Allah 'azza wajalla. Mugi-mugi kula panjenengan sami saestu pinaringan kekiyatan saget niru tindak lampahipun keluarga Nabi Ibrahim AS.

Jamaah rahimakumullah.

Monggo sareng-sareng kita pungkasi khutbah menika kanthi ndonga nyuwun dhumateng Gusti Allah SWT.

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ . رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَّابُ رَبَّنَا إِنَّنا آمَنَّا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ . رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ . رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ .